ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№19 (21.677) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Арэшыкъуэ Р. Т. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетикъ» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Энергетикэм и Іэнатіэм щиІэ фІыщІэм папщІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыдэлажьэныжкІэ куэд зэрызэфІигъэкІам къыхэкІыж «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик» цІэ льапІэр фІэщын **Арэшыкъуэ Рауль Тырыкубий и къуэм** - «Ставропольрегионгаз» акционер обществэ зэІухамрэ «Ставропольскрайгаз» акционер обществэ зэІухамрэ я генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЬАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щІышылэм и 18-м
№3-УП

Мырытненко Е. В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным ехьы и щхьэмкІэ хъарушхуэ зэрырихьэлІам икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Мартыненко Еленэ Виктор и къуэм** - «Льэпкъ зэныбжьэгъуГэм и Урысей университет» профессионально щІэныгЪэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапІэм жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и проректорым, журналистикэм и теориемрэ тхыдэмкІэ кафедрэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЬАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щІышылэм и 29-м
№24-УП

Шэджыхьэщ1э Хь. Ку. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал властым и органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм икІи ехьулІэныгъэхэр зэриІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Шэджыхьэщ1э Хьэсэн Кушбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзыхь зыхуэфащэ дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министрым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министерствэм къэрал къэпщытэныгъэмрэ экологие шынагъуэнщагъэмкІэ и департаментым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЬАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мазаем и 1-м
№25-УП

2009 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым хэт Чеченов Хьу. Дж. къыхилъхьа информацэм и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

2009 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым хэт **Чеченов Хьу. Дж.** къыхилъхьа информацэр къэпытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм щІышылэм и 29-м
№246-П-П

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къэзытщытэ совет къызэрагъэпэщ

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкІэ и советымрэ КъБР-м Террорым пэщІэтынымкІэ и щІыналъэ комиссэмрэ я зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен.

АБЫ щЫХЭПЛЪАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмым пыщІауэ къыщыхьункІэ хьуну шынагъуэхэм, ахэр и эмаными сэтей къэщІыным, терроризмэр къэхьеиным льабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэм япыщІа Іуэхухэм. Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэлъихьащ 2010 - 2011 гъэхэм терроризмэм пэщІэтыным и лъэныкъуэкІэ информацэм и зэфІэкІхэр къэгъэсэбэпыным хуэунэгІауэ лэжьыныгъэхэм я планым и проектым.

КъБР-м щыІэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ я унафэщІхэм хуагъэуващІ терроризмэм нэхъ тегушхуауэ пэщІэтыну, Іуэхущ1апІэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ терроризмэм и шынагъуэ кьатемыгъэхьэныкІэ зыхуэфащэ псори зэфІагъэкІыну. ЩІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я пщэ ирагъэхьащ террорым пэщІэтынымкІэ муниципальнэ комиссэхэм я зэфІэкІыр къаІэтыну.

Терроризмэм зыкъемыгъэІэтыным хуэгъэза информацэ политикэ зэхэлъхьэным елэжьын папщІэ къызэрагъэпэща къэзыпщытэ совет тым хагъэхьащ щэнхабзэм, гъуазджэм, гуманитар щІэныгъэхэм япыщІа ЇэщІагъэлІ нэхъ ГэкІуэльакІуэхэр, дин лэжьакІуэхэм ящыщу нэхъ пщІэшхуэ зиІэхэр.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Къалэнхэр щагъэнаІуэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ. Абы щыІэпкърахащ 2008-2009 гъэхэм социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ Прохладнэ куейм щыІэсфІэгъэкІа хуэхуэхэр, апхуэдэу мы илъэсым кьапэщыт кьалэнхэр щагъэбелжьилащ.

- ИУЖЬРЕЙ илъэси 2-3-м районым зэпІэзэрыту зеужь. Ар щынэрылъагъущ экономикэм и Іэнатіэхэми, инвестицэ Іуэхуэхэр зэрыпхагъэкІ щыкІэми, - кьыхигъэщащ Кьанокъуэ Арсен зэІущІэр кьыщыІэзэриухым. - Финанс кризисым кьиша гугъуехьхэм щхьэкІэ кьэмынэу, продукцэу кьыщІагъэкІым, Іуэхутхьэбзэу ящІэм проценти 6-м щигъукІэ, мэкъумэшхэкІыу кьалэхьым проценти 8,6-кІэ хагъэхьащ. Социальнэ кьалэнхэр тэмэму ягъэзащІэ, щІэныгъэм, уэрыншагъэр ягъэмыкІ, спортымрэ щэнхабзэмрэ я Іуэхущ1апІэхэм я мыльку-техникэ льабжьэр егъэфІэкІуэным гулытэ хэха хуащІ. Прохладнэ районым щыпхагъэкІ куейм и социально-экономикэ зыужьныгъэм дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ инвестицэ проект инкэр, а Іуэхуэм тегушхуауэ зэрагъэубгъу зэпытщ.

Иужьрей куей администрацэм и Іэтащхьэ **Гэртер Иван** зэхьихьэм кьыщыхалъхьа Іуэхуэхэр и отчет докладым щызэпиІэрихащ.

Зэхуэсэхэм кьыхагъэщащ куейм лэжьыгъэ хьарзынэ зэрыщекІуэкІыр икІи абы и унафэщІым жиІахэм арэзы техьащ.

Зэ1ущ1эм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, республикэм и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Жамборэ Владимир**, Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу **ТхьэзэпІыкъ Мурат, Дышэкі Мадинэ**, министрхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущІэхэр.

АРУАН Алий.

● Хъыбар гуапэ

Кавказ Ищхъэрэм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэ



Мазаем и 1-м кІыдэкІа «Известиям» газетым пІыфІ куэду зэхэт и напэкІуэцІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм триухуащ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ газет нэхъыщхьэхэм ящыщ зым апхуэдизу гулытэ кьыщІытхуищІар гурыІуэгъуэщ - Урысей Федерацэм и щІыналъэ нэхъ дахэ дыдэхэм, хабзэрэ зэхэтыкІэ екІуэкІ бейхэм я деж ди республикэм пашэныгъэр щиІыгъщ.

«ФІыуэ узольагъу, Урысей!» псалъащхьэм щІэт «Известия»-м и зи чэзу гъуэгуГэльагъуэ кьыдэкІыгъуэр кьызІуех Къэбэрдей-Балъкъэрыр щІэджыкІакІуэхэм кьезыгъэщІыху тхыгъэмкІэ. АдэкІэ кьыхегъэщхьэхукІ ди республикэр щІызэбгъэльагъун хуейм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу 10.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен мы кьыдэкІыгъуэм папщІэ игъэхьэзыра тхыгъэм дыкьыщІэдж: «Ныбжьэгъу льапІэхэ! Сэ хуабжьу си гуапэщ си Хэку Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Известия» урысейпсо газетым и напэкІуэцІхэм щызгъэльэгъуэну Іэмал кьызэрысхукъуэкІар. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыпсэу льэпкъхэр ижьижьыж льандэрэ зэныбжьэгъуГэ быдэм зэпещІэ. ЕпщыкІухаи лІэщІыгъуэм ди адэжьхэм зэращыІла зэгурыІуэныгъэр зэманым ипсыхьащ икІи игъэльащащ... Дэ дыщогугъ ильэс кьэс ди деж зыпІыхьакІуэ кьакІуэхэм я бжьгъэм хэхъуэну, ди льэпкъхэм я хабзэ Іущэмрэ нобэрей ІэмалкІыгъуэр кьызІуех Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъри удэзыхьэх зэрращІыр езым я нэкІэ яльагъун хуэдэу».

Ди республикэм теухуауэ «Известия»-м и кьыдэкІыгъуэ хэхам зыубгъуауэ щытопсэльыхь мы щІыпІэм и цІэрезыта адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я кьэкІуэкІыкІам, нобэ я Іуэху зытетым. Дауи, напэкІуэцІхэм увыпІэщхуэ щагубыд Кавказым ха зэрыщыхащІыр тхыгъэр зи кьалэмыпэм кьыщІэкІам Іупщ1у кьыхегъэщ.

ЩэкІуэн зыфІэфІхэри гулытэнщэу кьагъэнакьым. Мэз бжэнхэр, щыхьхэр, кхьуэпащэхэр, мыщэхэр, нэгъэущІ хьэкІэкхъуэкІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щымащІэкъым. Хабзэм тету абыхэм уещэкІуэн папщІэ Іэмал хъарзынэхэр зэрыщІэмкІэ зыфІэхьэлъэмэтхэм хьыбар ирагъащІэ.

КъБР-м теухуауэ «Известия» газетым кьыдигъэкІа гъэзэгугъэльагъэм зыщагъэгъуэза нуэкІэ ди щІыналъэр «щІыпІэ пщтыру», абы уихьэнкІэ зыфІэхьэлъэгъуэджэу кьызыщыхьу языныкьуэ урысей щІэджыкІакІуэхэм мащІэу нэхъ мыхьуми я нэр кьэпІэжьыну, адрейхэр нэхъ тегушхуауэ кьытхъыхьу дыщыгъуэнщ. Хэти ещІэ дэ хьэщІэм ди гуи, ди пси сыт щыгъуи зэрыхуэзІухар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м и Парламентым

Депутатхэм Шэрэдж куейм щыпащэ

Хабзэ хъуауэ, республикэм и парламентархэм районхэр гъэкІыгъэ Іуэхукіэ кьызэрыгъэхьыным папщІэ, Абыхэм я нужьрей зэІущІэр Шэрэдж муниципальнэ районым щригъэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар. Депутатхэм кьадэкІуэу абы кьрихьэлІащ республикэм и министерствэ зыбжанэм я лыкІуэхэр. Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр, кьуажэ жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр.

КЬЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм кьыщыщІыпсалъэм Чеченов Ануар зэрыжиІамкІэ, зэІущІэр нэхъыбэу зытеухуар КъБР-м и Президентым иригъэкІуэкІ политикэмрэ абы и стратегиемрэ районым и унафэщІхэм, лэжьакІуэ пашэхэм ягурыгъэІуэныкрщ, мы щІыпІэм щыІэ гугъуехьхэр наІуэ кьэщІынымрэ ахэр дзгъэкІыным хуэгъэза закон гьабжьэхэр зэрегъэфІэкІуапхэмрэ зэІуахуэ тепсэльыхьыныкрэщ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр районым, абы хиубыдэ жылагъуэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ зэрапыщІар гъэбыдэныкрщ.

Къызэхуэсахэмрэ я пащхьэм кьыщыщІыпсалъэм Чеченов Ануар зэрыжиІамкІэ, зэІущІэр нэхъыбэу зытеухуар КъБР-м и Президентым иригъэкІуэкІ политикэмрэ абы и стратегиемрэ районым и унафэщІхэм, лэжьакІуэ пашэхэм ягурыгъэІуэныкрщ, мы щІыпІэм щыІэ гугъуехьхэр наІуэ кьэщІынымрэ ахэр дзгъэкІыным хуэгъэза закон гьабжьэхэр зэрегъэфІэкІуапхэмрэ зэІуахуэ тепсэльыхьыныкрэщ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр районым, абы хиубыдэ жылагъуэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ зэрапыщІар гъэбыдэныкрщ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щищІащ район администрацэм и Іэтащхьэ Темирканов Махьмыт. Абы къыхигъэщащ районым и социально-экономикэ зыужьныгъэм пыщІа кьалэн нэхъыщхьэхэр зэрыдагъэкІыр нужьрей илъэсым ирыпльыуу зэрефІэкІуэр 2006 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм КъБР-м и Президентыр гъэжьигъэ Іуэхукіэ районым щыщыІам щыгъуэ яхунгъэуваэу щыта пщІэрыльэ 88-м щыщу нобэм ирихьэлІэу 71-р нэсу ягъэзэщІащ.

Псэуныгъэм пыща предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэу щыІам щыгъэхьэ-щІымахуэ льэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр. А Іуэхуэм ахэр зэрегугъуэр нэрылъагъу кьыщІащ нужьрей зэманым кьеса уэсыщхьэм егъэлеяуэ зэраныгъэщхуэ кьыщэзэриимыхьам. Зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм щыпІэ щхьэхуэхэм щыІэзэныма электролинэхэр псынщІэу зэрагъэпэщІажащ. Абы кьыщымынэу, районым и энергетикхэр щылэжьащ Аруан, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык къалэм.

Доклад зыщІам кьиригъэльагъущ иджыпсту мы щІыналъэм щыІэ гугъуехьхэри. Нэгьабэ республикэ бюджетым кьыхэкІыу районым кьыІэрыхьэн хуея сом мелуани 107,8-м и пІэкІэ дотацэу кьыхуаутІыпщащ сом мелуан 89,3-рэщ. Абы кьыхэкІыу егъэджэныгъэм щэнхабзэм, узынщагъэр зыхуэныкъо Іэнатіэхэм зэрыдагъэкІыр нужьрей илъэсым ирыпльыуу зэрефІэкІуэр 2006 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм КъБР-м и Президентыр гъэжьигъэ Іуэхукіэ районым щыщыІам щыгъуэ яхунгъэуваэу щыта щІэрыльэ 88-м щыщу нобэм ирихьэлІэу 71-р нэсу ягъэзэщІащ.

Псэуныгъэм пыща предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэу щыІам щыгъэхьэ-щІымахуэ льэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр. А Іуэхуэм ахэр зэрегугъуэр нэрылъагъу кьыщІащ нужьрей зэманым кьеса уэсыщхьэм егъэлеяуэ зэраныгъэщхуэ кьыщэзэриимыхьам. Зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм щыпІэ щхьэхуэхэм щыІэзэныма электролинэхэр псынщІэу зэрагъэпэщІажащ. Абы кьыщымынэу, районым и энергетикхэр щылэжьащ Аруан, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык къалэм.

Доклад зыщІам кьиригъэльагъущ иджыпсту мы щІыналъэм щыІэ гугъуехьхэри. Нэгьабэ республикэ бюджетым кьыхэкІыу районым кьыІэрыхьэн хуея сом мелуани 107,8-м и пІэкІэ дотацэу кьыхуаутІыпщащ сом мелуан 89,3-рэщ. Абы кьыхэкІыу егъэджэныгъэм щэнхабзэм, узынщагъэр зыхуэныкъо

Депутатхэм Шэрэдж куейм щыпащэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Парламентым и Унафэщыр кІэщІу тепсэлъыхьащ республикэм игъуэт социально-экономикэ зыужьынигъэм. Ди экономикэм кризисым и жыр къыщІихуа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ проектхэр щагъэзащІэ, лэжьапІэщІэкэр къыщыдэлъІыах. Иужь зэманым лажьэу яутыпщащ щыгъыпІэ зэпущаэр щагъэхьэзыру Налшык дащІыхьа фабрикэр, абджэхкІэр къыщІэзыгъэкІ, фэм елэжь заводкэр (Шэджэм къалэ), иджырей жыг хадэхэм папщІэ бетон пкъоэр щигъэхьэзырыну Іэхъущ1апІэ (Бахъсэн район). Медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ щащІ предприятэхэр техникэщІэкІэ кьыдэгагъэпэщ. Кризисым республикэр егупуу зэрыпэщІэтым и фЫщІэкІэ лэжьапІэншІэхэм я бжыгъэр щІыху мин 19-м нэсу ягъэмэщІэфыну щогугъ (щІыухэр лэжьапІэкІэ кьыдэзыгъэпэщу органхэм 2008 гъэм лэжьапІэншэу ятхауэ щытащ щІыху мин 29,6-рэ). Иджыпсту ипэжыпІэкІэ республикэм лэжьапІэмкІэ щІыхуэ зытеть щыІэжкъыр.

Чеченов Ануар къыхигъэщцэжыкІащ республикэм апхуэдэ щытыкІэ тэмэм зэрыщыдзэтеувам Шэрэдж районым щыпсэуэхэм я фЫщІэ зэрыхъэлІыр. Апхуэдэу щыт пэтми, районым щыІэ Іэмал псори нэсу кьэгъэсэбэпа хъуэу жыпІэфынукъым, Мыбы лэжьапІэншэу щатхаэр щІыху 1200-м нос. Ахэр Іэнатіэкіэ къыщэрагъэпэщатэмэ, КъБР-м и бюджетым кьыІэрыхьэ хэхъуэр нэжьыбэ зэрыхъунуэм кьыдэкІуэу, социальэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэни дагъэкІынут - абыхэм я унагъуэхэр зыхэпсэуэкІын кьыхуэзэрагъэпэщынут.

ЛэжьапІэншэхэр нэхъ мащІэ щыпынмкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хъэрычэт Іуэху мыиным зегъэужьыныр. Абы и пІальнъкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым куэд щызэфІагъэкІ (кьапщтэмэ, нэхъ кьыщзэрагъэкІыу налогхэр зрагъэт хъэрычэт лэжьакІуэхэм трапалхьэ ставкэр процентэ 5-кІэ ягъэмэщІащ, хьэрычэт лэжьакІуэхэм банкхэм щІыхуэхэр къыщыІахьІэ щэсапІэ ивэну сакъыІэт фонд къыхэзрагъэпэщащ). Къэрэлъэгъуэгъэхэщ 2009 гъэм республикэм ику нту щата лэжьапщІэр сом 10710-рэ хъуэу щытамэ, районым ар сом 8900-м зэрыщыпэмысащ.

Районым щалэжьауэ ятх щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр зэрыхьБ зэрыхъуэрыкъэшІри, Чеченов Ануар жпІащ щІэпхъаджагъэхэм нэхъ тІкІыуэ ятхэр щытащ зэрыхуэгъэр, Теклуэнигъэм папщІэ и псэр итащ.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, шуудзэм и пулеметчикым езым и щхьэр игъэтІылъри, и зэуэгъуэхэр ажалым кьрІгъэлащ, я гупыр кьэхуэрейхьынигъэм кьригъэкІыжащ. Абы щыгъуэм сэлэтхэм я пащхьэ кьыщыжаІащ адыгэ щІэлэм ЛІыгъуэ зэрихьар зэрыгъунэнщэр.

Дауэ щытами, захуагъэр и щІыІу къэхуэжащ. Теклуэнигъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу Кьардэн Уэхьид Урысейм и ЛІыхьужь цІэ льапІэр кьыфІащащ.

Кьардэн Уэхьид и псэеплъ сынышхуэ ПсэуэкІэ Дахэ дэзтщ, абы и цІэр зэрахьэ кьуажэ уэрамхэм.

● Совет Союзым, Урысейм я ЛІыхьужь шэрджэхэр

Къардэн Уэхьид

ИльЭС куэдкІэ тхылъымпІэхэм ягъэщІащ кІуауэ Іэшэ Іуэрыгъэ зэрыжаэм щыщ Кьардэн Уэхьид Совет Союзым и ЛІыхьужь хъун хуейуэ кьащта унафэр.

Школым физкультурэмкІэ щригъэджэу дзэ къулыкъум яшауэ щата щІалэм и щхьэм щымысхьыжу Хэкур ихъуамащ, ТекІуэнигъэм папщІэ и псэр итащ.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, шуудзэм и пулеметчикым езым и щхьэр игъэтІылъри, и зэуэгъуэхэр ажалым кьрІгъэлащ, я гупыр кьэхуэрейхьынигъэм кьригъэкІыжащ. Абы щыгъуэм сэлэтхэм я пащхьэ кьыщыжаІащ адыгэ щІэлэм ЛІыгъуэ зэрихьар зэрыгъунэнщэр.

Дауэ щытами, захуагъэр и щІыІу къэхуэжащ. ТекІуэнигъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу Кьардэн Уэхьид Урысейм и ЛІыгъуэжь цІэ льапІэр кьыфІащащ.

Кьардэн Уэхьид и псэеплъ сынышхуэ ПсэуэкІэ Дахэ дэзтщ, абы и цІэр зэрахьэ кьуажэ уэрамхэм.

Хъэбэч Умар

ХэКУ зауэшхуэр нухьыу илъэс 45-рэ дэкІыжауэ капитан, батальоным и командир Хъэбэч Умар кьыщылъысыжьащ ЛІыгъэ и щІэлэгъэкІэ кьихьа ЛІыхьужьныІэр. 1990 гъэм дыгъэгъэзэм и 11-м Совет Союзым и Президент Горбачев Михаил кьыдигъэкІа унафэмкІэ щІигъэбыдыхьажа кьудейщ апхуэдизу ильэсхІэ тхылъыншэу, ау я зэкъошІпІэкІэ жыфаІуэ Совет Союзым и ЛІыхьужь цІэ льапІэу адыгэлІым кьыфащ.

Апхуэдизу ильэскІэ Венэ кьалэкъум ит фэеплъ сыным капитан Хъэбэчыр Совет Союзым и ЛІыхьужьу тетхауэ щытами, зыкъуэзэуа кьэралым абы хуэфащэр лъитъэсыжа-тэкъым.

Гъуащатэкъэ тратхауэ пІэрэ ар? Щхьэ ЛІыхьужь щыхъуамэ унафэ кьыдэмыкІэрэ адыгэлІ гуейм теухуауэ?

А упщІэхэм псэхугъуэ кьратыртэкъым партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и е тІуанэ секретарь щыта Темыр Умар. Абы журад ищІащ Хъэбэ ч Умар и лІыхьужьыгъэм и пэжыпІэр зэхэригъэкІыну. Дэни щыщІэ упщІэу, щылъыхьхуэу щидзащ. Абы зригъэщІащ Хъэбэчыр 1921 гъэм Ботшей (иджы Малэ Зеленчук) кьыІэрыщалъхуар, Черкесск педучилищэр кьиучхьІу Карачаевск кьалэм дэта институтым зэрыщІедджэжар, Илий-Бэрдыкьуэ кьуажэм егъэджакІуэу зэрыщылэжьар, 1939 гъэм кьулыкъым эрагъэшар, 1941-1943 гъэхэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыхьауар, 1944 гъэм и щыщхьІу мазэм "Александр Невский" орденыр кьыІэрыратар, капитан, батальоным и командир зэрыхьуар, зэрыхэ-кІуэдар.

Темырым мурад ищІащ щІалэм и щыхьыр зэрІэтэуэрэжьынэр Венэ кьаужмкІэ кьыщІидзэну. Абы ежьэным ипэкІэ, Хъэбэчым и анэ ГъаІуэ хуэкІуащ. Бэлъхъугъэ тхьэмыщкІэр гъыуэ хадэм ихьэри, щыгу Іэмыщ1э кьриІащ. "Мыр си щалэм и кхьащхьэм схутекІуТэ", - жиІэри.

Темырыр Венэ зэрынэсу, ди дзэ аттаШуэуэ Австриием щыІэ полковник Юмашев Михаил зыхуигъэзащ.

Хъэбэч Умар и кхэуэгъу Венэ кьэкІуауэ австрийцхэм кьащІэмэ, уаІэтынущ. Абы и хэкІуэдкІар куэдым ящэ икІи ягъэтлъапІэ, щхьэхуит кьэзыщІыжа лІыхьужьу кьалъытэри, - жиІащ Юмашевым.

Абы гъэщІэгъуэн дыдэ щыхъуащ а зауэлІ хьыжьэр Совет Союзым и ЛІыхьужь хъэмкІэ. Шварценберг утым ику дыдэм ит сыным тетхат Сталин Иосиф и унафэр. ПІощІэ ещанэу абы кьыщыгъэльэгъуат Совет Союзым и ЛІыхьужь, гвардием и капитан Хъэбэч У. Хь.

Венэ тхьылъ куэд щызэхуихьэсауэ Темыр Умар кьигъэжьри, нужь иныкъым Хъэбэчым и щІыхьыр зэфІимыгъэувэжу. Аращ зи фЫщІэр апхуэдизу ильэс дэкІыжа нэужь лІыхьужьым и пщІэр эригъэуэтыжар.

Зауэр ирухьным махуэ бжыгъэ нэхъ мащІэм кьэнэжауэ Умар Венэ кьалэ щыхэкІуэдащ.

ИужькІэ кьэзэрыщІэжьажамкІэ, Хъэбэч Умар тІэуанейр хуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и ЛІыхьужь цІэ льапІэр. Ягъэм Карелием щекІуэкІа Іэзэгъэшхуэм (1944 гъэ), етІуанэу Венэ хуит кьыщащІыкьым. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмщи, Хъэбэчым и батальоным хэтущ Кьардэн Мурат Совет Союзым и ЛІыхьужь зэрыхьуар.

ЛІкІэм-икІэжьым Умар щыхьыщІэр зэригъэтыжам щыгуфыкІащ и лъэпкъри, адыгэ псори. Къэрэшей-Шэрджэсым и щІыхьэ тхакІэ Брат Хъэбас "Хахуэм и вагъэр ужьхьхьым" фІэщыгъэзэІэ кІэу абы тхылъ хьэлэмэт тритхьыщ, полковник Нежинский Валентинрэ журналист Адзын Мурадэмрэ "У ахьтынШэм и гъуэгу" зыфІащащ документальнэ повестри кьыдагъкІащ.

Совет Союзым и ЛІыхьужь Хъэбэч Умар и цІэр Хъэбэз районым и кьуажэ уэрам нэхъыщхьэхэм, зыщІедзэ педучилищэм зэрахьэ, и фэеплъ сыниБотшей дэтщ.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд.

Къардэн Мурат

ЗАУЭР зэрекІуэкІым теухуауэ 1944 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 21-м кьата хьыбархэм мыпхуэдэ кьыхэхуат: "Онегэ, Ладогэ гуэлхэм я зэхуэкъуэ дзауэлІхэр щебгъэрыкІуэри, Свирь псым и Іуфэм деж биІм и быдапІэр зэпатхьащ, абы хьэлэчыр халъхьащ, Іэщэ куэд кьытрахащ, сэлэт, офицер мащІэкьым гъэр ящІар, кьуажэхэр хуит кьащІыжащ".

РадиокІэ кьэІуа а хьыбар гъуэщм и кьуагъым кьуэлъыр совет зауэлІхэм я лІыгъэ, гуеигъэ, щІыху гъащІэ мащІэтэкъым. А зэхуэу гуащІэм хэтащ адыгэ щІалэ Кьардэн Мурат. Абы щыгъуэм ар гвардием и сержант нэхъыжьыт, фочауэ взводым и унафэщІт. Абы и гупым кьыІтысат нэхъ кьалэн гугъу дыдэр. Псы, шэд защІэу километр тІощІ жэщым зэпичу биІм и быдапІэм екІуэлІэн, абдж дидзэрипэкІэ зымыгъакІуэ Іэщэ бзаджэхэм я щытынІэр зэхакъутэу, дэІэпкьыуэгъуэхэр яльэІэсыху щІынатьэм кьыхэщІуащ1эр яІыгъынхуейт.

Ар Кьардэным зэрыхуэзфІэкІа щІыкІэр кьыщигъэлъэгъуащ фочауэ дивизэм и унафэщІ Харазие Гиви и рапортым:

"Свирь зэпрыкІынырдаущынщэу кьыззфІигъэкІащ Кьардэным икІи зэрымыщІэкІэ абы и гупыр биІм тезэрыгуэри, и быдапІэ нэзэгугъэхэзэр зауэм и ветеранхэмрэ абы хэкІуэдахэм я щхьэтъуэсэхэмрэ псэунэгъэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъунущ.

Зэгуфхьэныгъэм хэтэр районым ит курыт школхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм куууэ ядэпэжьэнущ. Абыхэм зэгуъуэу ягъэкІуэкІынущ нобэ щалэгъуэлэр зыгъэпІейтей фадэм, афияным, щІэпхьаджагъэм ебэнын зэрыхуэфІ теухуа «стІол ухуреи» щапхъэм и псалъэмакъхэр, ныбжьыщІэхэм дерс щхьэпэ кьызыхахыну еджэныгъэхэр, кьыдэкІуэтей щІэблэр хэжупсэу кьэгъэхьуным теухуа нэгъуэщІ Іуэху щхьэпэхэр. Абыхэм зэрыэдэлэжьэну щІыкІэр школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я гъусэу иджыпсту щІэдзащ1э яубзыкъ.

Кьуажэдэс щІалэгъуалэм зэрадзэлэжьэнум хеубыдэ аХэр жылагъуэ Іуэхуэхэм хэщэныр, спортым, щэнхабзэм дегъэхьэхьыныр, зэхуэдэчыхьыныр зи Іуаэз зэхэщыкІрэ гулытэрэ ябгъэдэлъхьэныр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Прохладнэ куей

Къуажэдэс щІалэгъуалэм ядолажьэ

Прохладнэ куей администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэмрэ спортымкІэ и къудамэм иджыблагъэ щыкІуэкІащ къуажэдэс щІалэгъуалэм хэкъуэзауэ зэІуащІ. Мыбы щытепсэлъыхьащ япэ игъэщыпхьэ Іуэхугъуэ зыбжанэм.

АБЫХЭМ ящыщщ зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэныр. Мыбы ехьэлІауэ ягъэхъэзыращ программэ щхьэхуэм. ЗэІуцІэм щагъэбелджылащ мы илъэсым куейм и щІалэгъуалэ зэгуъэныгъэхэм кьапэщыІь кьалэнэр.

2010 гъэр егъэджакІуэм и илъэсу ягъэуващ, кьимыдэкІэ, Хэку зауэшхуэм ди кьэралым ТекІуэнигъэм ящ кьыязэщыхьрэ нилъэс 65-рэ ирокъу. Абыхэм гулытэ хэха хуащІынущ. ЩІалэгъуалэ зэгуъэныгъэхэр зауэм и ветеранхэмрэ абы хэкІуэдахэм я щхьэтъуэсэхэмрэ псэунэгъэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъунущ.

Зэгуъэныгъэм хэтэр районым ит курыт школхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм куууэ ядэпэжьэнущ. Абыхэм зэгуъэу ягъэкІуэкІынущ нобэ щалэгъуалэр зыгъэпІейтей фадэм, афияным, щІэпхьаджагъэм ебэнын зэрыхуэфІ теухуа «стІол ухуреи» щапхъэм и псалъэмакъхэр, ныбжьыщІэхэм дерс щхьэпэ кьызыхахыну еджэныгъэхэр, кьыдэкІуэтей щІэблэр хэжупсэу кьэгъэхьуным теухуа Іуэху щхьэпэхэр. Абыхэм зэрыэдэлэжьэну щІыкІэр школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я гъусэу иджыпсту щІэдзащ1э яубзыкъ.

Абыхэм зэгуъэу ягъэкІуэкІынущ нобэ щалэгъуалэр зыгъэпІейтей фадэм, афияным, щІэпхьаджагъэм ебэнын зэрыхуэфІ теухуа «стІол ухуреи» щапхъэм и псалъэмакъхэр, ныбжьыщІэхэм дерс щхьэпэ кьызыхахыну еджэныгъэхэр, кьыдэкІуэтей щІэблэр хэжупсэу кьэгъэхьуным теухуа Іуэху щхьэпэхэр. Абыхэм зэрыэдэлэжьэну щІыкІэр школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я гъусэу иджыпсту щІэдзащ1э яубзыкъ.

Абыхэм зэгуъэу ягъэкІуэкІынущ нобэ щалэгъуалэр зыгъэпІейтей фадэм, афияным, щІэпхьаджагъэм ебэнын зэрыхуэфІ теухуа «стІол ухуреи» щапхъэм и псалъэмакъхэр, ныбжьыщІэхэм дерс щхьэпэ кьызыхахыну еджэныгъэхэр, кьыдэкІуэтей щІэблэр хэжупсэу кьэгъэхьуным теухуа Іуэху щхьэпэхэр. Абыхэм зэрыэдэлэжьэну щІыкІэр школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я гъусэу иджыпсту щІэдзащ1э яубзыкъ.

Шынагъуэр нэсу къызэнэкІакъым

● Хабзэм тетыныр

КъБР-м и прокурор Жариков Олег иригъэкІуэкІа пресс-конференцым зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ нэгъэбэ я лажьэщІэм ыкІи кІуэхэм икІи абы къырихьэлІа журналистхэм я упщІэхэм жэуап иритащ.

Жариков Олег

2009 ГЪЭР щытыкІэр гугъуэу, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ехьэлІа щыпсэгъуэр нэсу къызэнэкІа мыхъуауэ екІуэкІащ. Республикэм и адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэми хуэдэу, КъБР-м и прокуратурэм и кьарур нэхъ зыхуиунэтІахэм ящыщ терроризмэм, лъэпкъ зэпэщІэныгъэ кьэзыщІэ эстремизмэ нэщэнэхэм, хабзэхъумэхэм я гъащІэм шынагъуэ иратыныр, зэщІэгъэуІуэу ялэжь щІэпхъаджагъэхэм, коррупцэм ебэныным, щыхуэхэм я конституцэ хуитныныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хьумэныным.

Республикэм и прокурор Жариков Олег зэрыжиІамкІэ, къызэдэкІа илъэсым щІэпхъаджагъэу ялажьар процентэ 6-кІэ нэхъыбэщ. 2008 гъэм елытагъэ. Процент 27,5-кІэ нэхъ мащІэ хуэдизу ящІэу щыхуэ щыІэ. Абыхэм я гъэщІэгъуэн зэрыщІэкІ, коррупцэм ебэныным, щыхуэхэм я ужьхьхуагъэзэахуэу мыльку хуэгъэзащІ.

Прокурорым къызэрыхигъащІэ, мыхъумыщІагъэу ялажьар нэІуэ къащІыныжьэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я дежкІэ щІыхуэр щІэгъэкъуэнышхуэщ. Илъэс кІуам республикэм къэрал кІуэщІ ІуэхуэмкІэ и Іэнатіэхэм къаІэрыхьа хъыбархэм япкъ иткІэ, следователхэмрэ дознавателхэмрэ уголовнэ Іуэху 6195-рэ къаІэтащ.

Прокуратурэм и лэжьакІуэхэм сэтей къащІащ икІи учетым ягъэувыжащ, нэхъапэм ялажьа, ауэ КъБР-м щыІэ МВД-м щхьэусыгъуэ зэмылІэужьныгъэхэмкІэ щамытха щІэпхъаджагъэ 690-рэ.

 Par зэхэту хабзэр мин 30-м щІигъэрэ кьыщэпуадуэ къыщІагъэщащ. Прокурор къэпщытэныгъэхэм кьриІуэхэм япкъ иткІэ, уголовнэ Іуэху 219-рэ къаІэтащ. ХуэдищкІэ нэхъыбэ хъуащ балигъ мыхъуахэм я хуитныныгъэхэу зэфІагъэувэжар. Апхуэдэуи улахуэ щІыхуэм теухуауэ щІыхуэхэм зыкъыІэзыхуагъэзэахэри зэфІахащ.

Жариков Олег зэрыжиІамкІэ, а бжыгъэхэр щыхьэт тохъуэ хабзэр кьэзыпемыгъэуданым екъэлІауэ лэжьапхъэхэм теухуауэ республикэм кьыщащта программэхэр нэщІысауэ зэрыщыщмытым.

- Іэнатіэхэр зэгъэуІуауэ зэдэлажьэныр Іуэхур егъэфІэкІуэным и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щыщ. Псом хуэмыдэу, дин экстремизмэм и шынагъуэр иджыри зэрыщыІэм елІытмэ, хъыбархэмкІэ уэзхъуэжьныр, зэгурыІуауэ, зэгъэуІуауэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІынырди ди зэманым къегъэув, - жиІащ прокурорым илъэсым кърикІуауэр къыщыізэщІикъуэжьым.

Апхуэдэуи республикэм прокурорым гулъытэнщІу къигъэнакъым лъэпкъ жылагъуэ зэгуъэныгъэхэм я пашэ язныкъуэхэм зэпэщІэувэныгъэм ухуэзышэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр къызэралэтыр. Абы къызэрыхигъащащи, закономым лъэпкъ зэхэгъэж иІэкъым, ар псоми я зэхуэдэщи абы тетын хуэкІ. Лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэрэ зэпэщІэувэныгъэрэ зезыхьэ жылагъуэ Іуэхуэхьэхэм, ар сыт хуэдэ зэгуъэныгъи ирехъуи, хуадэнукъым.

Нэхъыщхьэр мамырыгъэрщ, блэкІамрэ кьэкІуэнымрэ зэпэлъытауэ, акъыл хэлъу дэтхэнэ зы Іуэхуми бгъэдыхьэнырщ, хабзэм тетынырщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Теплъэгъуэгр

Уи щІалэгъуэмэ, щымахуэр дахэмэ... *Сурэтыр* **ЮЗУБ Валерие** *трихащ.*

Зы Іэнатіэм - щІыху гъащІэм хуэдизынкІэ

● Дифі догъэтъапІэ

Гур-псэкІэ кьыхиха ІэщІагъэм лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъукІэ хьэлэлу пэрытащ Сэбэнокъуэ Щамел.

ЩАМЕЛ кьыщалъхуар республикэ псом щІэныгъэ щыхъуа еджагъэшхуэ, дохутыр, тхалІуэ, зэфІэкІ зиІэ щІыху куэд кьыдыдэкІа, Лэскэн районым и кьуажэ нэхъ ин дыдэу ябж Аргудан зыкьалъуэрщ. Ар гъащІэм и Іофіри и дыдэри кьанэ щымыІэу зыхэзыщІа щІыхущ. Абы и адэ-анэр пасэу зэрыфІэкІуэдам кьищынэмыщІа, и сабиигъэри Хэку зауэшхуэм хиубыдат.

Гугъуехьым ипсыхьа Щамел школыр кьиухри, Налшык медучилищэм щІэтІысхьащ. Медицинэ ІэщІагъэм зригъэгъэтри, Лэскэн хуэдизу, зэфІэкІ зиІэ щІыху куэд кьыдыдэкІа, Лэскэн районым и кьуажэ нэхъ ин дыдэу ябж Аргудан зыкьалъуэрщ. Ар гъащІэм и Іофіри и дыдэри кьанэ щымыІэу зыхэзыщІа щІыхущ. Абы и адэ-анэр пасэу зэрыфІэкІуэдам кьищынэмыщІа, и сабиигъэри Хэку зауэшхуэм хиубыдат.

Гугъуехьым ипсыхьа Щамел школыр кьиухри, Налшык медучилищэм щІэтІысхьащ. Медицинэ ІэщІагъэм зригъэгъэтри, Лэскэн хуэдизу зымдзэщым лэжьэн щыщІидзат, ау мыхъуауэ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэм и кьалэнхэр пытхьэнщэу зэрызэфІигъэкІым гу кьыІтыгэри, Урыху кьуажэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэ Іэнатіэр кьыхуагъэфэщащ. ИльэситкІэ а лэжьыгъэм пэрыта нэужь, дзэм кьулыкъу щищІати, абыи фельдшерущ зэрыщыІар. Щамел офицеру кьигъэзэжащ. Сэбэнокъуэм и лэжьыгъэм щыпищащ и кьалэныжьым.

- А зэманым сабий сымаджэхэм гулытэ нэс зэрыхуэмыщІыр кьэслъытэри, сыльэІуащ ди сымаджэщым сабийхэм щеІэзэ кьудамэ кьыщызэІуахыну, - жеІэ Сэбэнокъуэм. - Абы илъэсищкІэ сыщылэжьа нэужь, Кьэхъун кьуажэм дот районым сымаджэщым и зы кьудамэр ди деж кьахъри, абы щыпысщащ. Иужьрей илъэсихым фельдшер Іэнатіэм сыпэрыпащ.

Абыхэм кьадэкІуэу, Щамел жылагъуэ лэжьыгъэхэм жыдэрэу хэтащ, сымаджэщым и профкомым и унафэщІ кьалэныр игъэзэщІащ илъэс 40-м щІигъкІэ. И лэжьэгъуэм ноби ящыгъэ упщэрыкъым абы махуэщхьэхэр гъэщІэгъуэну, гукъынэжьу кьыдэригъэпэщу зэрыщытар. КьыщынэмыщІауэ, колхозымрэ курыт еджапІэхэмрэ дружинэхэр щигъэхьэзыруурэ, зэпеуэхэм яшуу ин и гъэзнэхэм сыт щыгъуэ яту увыпІэкэр кьыхуагъэфащэу щытащ.

- Зи Іэщ1агъэм хуэІэижь, гущакъэ зиІэ дохутыр кудым садэлэжьащ сэ. Абыхэм ящыщ язныкъуэхэр кьызэрыгъэтхэмытыжьыр си жагъуэ мэхъу. Ауэ си лэжьагъуэу щытахэм ящыщ иджыри жэуапльныгъэ ин яхэлъу Іэнатіэм зэрыпэрытым срогуфІэ, - жеІэ Щамел. - Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ ди кьуажэ сымаджэщым дохутыр нэхьыщхьэу щыІа, ми зэманым Налшык щылажьэ Льэпщокъуэ Хьэжьмел, хуабжьу сахуэарэзыщ зи Іэщ1агъэм хуэІэижьхэу УнэдІокъуэ Борис, Джэдгъэф Хьэжмурат, Урыс Иринэ, Кьущхьэ Инессэ, Кьумыкъ Алинэ, Іэрэмыс Замирэ сыщ.

Щамел ибзыщІакъым нужьрей зэманым сымаджэхэр зыхуэныкъуэ дохутыр Іуэхутхьэзэхэр зы Іэрыбгъэхьэныр нэхъ гугъу зэрыхьуар игу кьызэреурэри. «Язныкъуэ хущхъуэхэр нэщІыщ, цІыхухэм сбэп яхуэхъжьырыкьым, - жеІэ абы. - ИтІанэ, нэхъ пасэм дэ дызэрыдэжьам хуэмыдэжу, дохутыр кудым ахьыр ди дыхьэхри зэІитъэхьаэ, сымаджэхэм я узым нэхърэ я щхьэ Іуэхур ягъэнэхъапэ».



Сэбэнокъуэ Щамел

Сэбэнокъуэ Щамел и дэжьхЭр Іуэгъэтэнщэу кьагъэнакъым: КъБР-м Узынщагъэр хьумэныкІэ и министерствэм ЩІыхь тхылъ мызэ-мытІэу кьыхунгъэфэщащ, 1979 гъэм абы и сурэтыр ильащ ЩІыхь пхъэбгъуэм, щыгтху тхылъ куэд кьратащ.

Сэбэнокъуэм теухуа псалъэ гуапэ куэд кьызжаІащ абы и лэжьэгъуэ щытахэм:

- Щамел медицинэмкІэ щІэныгъэщхуэ зиІэ щІыхущ. Гупым сакъыщыхьхьагъащІэм сызэчэнджэщу сиІар аращ. Щамел дигъэІущу, кьыддэІэпыкъуу кьзэгъуэгурыкІуащ, - кьызжаІащ Джэдгъэф Хьэжмурат. - Иджы пенсэм зэрытІысыжрэ куэд щІакъым, и лэжьэгъуэ щытахэм ар фЫуэу дольагъу икІи дыхуэарэзыщ. Щамел сыт хуэдэ Іуэху диЗми кьыдогъэблагъэ, дыкІуэурэ дольагъу, езыри кьыткІэльокІуэ. Ди лэжьэгъуэ щыта щІыху гу кьабзэм, Іущым сыт хуэдэ псалъэ гуапэри хуэфащэщ. Узынщагъэ, бын гуфІэгъуэ щымыщІэу куэдрэ Тхъэм игъэпсэу!

- Щамел и щІыхугъэ яп1э иту, щІыху пэжу, жьымыщІэми зыкьыддригъэкІуу гупым кьытхэтащ. ЩІэныгъэфІ зиІэ, зыт и лъэныкъуэкІи зы щІыхуэжьа щІыхути, нэхъыщІэхэр дигъаСэт, диущийт, сымаджэхэр кьыхуэарэзыт. Дэри а нэхъыжьыфІым щапхъэ зэрытетхыным яужь дитэ зэпытт, - пещэ Джэдгъэфым и псалъэхэм Кьэжор Людмилэ. - Илъэс куэдкІэ профсоюз лэжьигъэщхуэ иригъэкІуэкІащ. Сыт хуэдэ Іуэху зэІуымыбзкІэ и лэжьэгъуэр дыбгъэдыхьэми, ар зэфІикынут. Апхуэдэу гуапэу кьытхэта ди дэжьэгъуэ гупым куэдрэ фЫкІэ дигу кьокІыж, дымыльагъымэ, дыхуозэщ.

Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 иригъэ Щамел бын гуфІэгъуэ щымыщІэну, узынщагъэ иІэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ!

БЖЬЫХЪЭ Роз.